

NO PROGRAM: 265

MRANTASI RAMBUT INKGANG BODHOL / GUSTI TANSAH CAKET

Sedhèrèk kula, kula, Lilis, bingah sanget saged pepanggihan malih kaliyan panjenengan wonten ing adicara Cahyaning Agesang. Mugi-mugi panjenengan tansah séhat lan saé kémawon. Dinten menika kula badhé ngajak panjenengan ngrembag perkawis rambut ingkang bodhol, lan ing pérangan salajengipun ibu Arin,STh badhé dumugi lan ngedum kaweruh bab karohanèn. Wonten ing pundi kémawon pannggenan panjenengan, kula aturaken sugeng midangetaken adicara menika.

Sedhèrèk kula, nggadha rambut ingkang saé lan gembel menika dados pepingianipun sedaya tiyang èstri. Nanging wonten kémawon perkawis ing rambut ingkang kita adhepi. Perkawis sindap, rambut bodhol, rambut garing lan sanès-sanèsipun. Saking sawetawis perkawis menika ingkang dipunajrihi déning tiyang èstri, nggih menika perkawis rambut bodhol. Tiyang èstri ajrih menawi rambutipun bodhol, awit menawi bodholipun terus-terusan saged njalari buthak, utawi rambutipun dados tipis. Tamtu menawi sampun buthak badhè mboten ayu malih, ta. Awit saking menika, sedaya tiyang èstri mbudidaya kanthi saèstu, supados rambutipun mboten bodhol. Kanggé panjenengan ingkang saweg mbudidaya supados rambutipun mboten bodhol, kula badhé ngedum kawruh kanggé mrantasi rambut ingkang bodhol, mugi-mugi maédahi kanggé panjenengan.

Sadèrèngipun kita nyobi mrantasi rambut ingkang bodhol, kita kedah sumerep rumiyin menapa ingkang njalari rambut menika bodhol. Rambut ingkang bodhol saged dipunsebabaken déning tetedhan. Tetedhan ingkang pedhes lan ngandhut kathah lisah, kanyata saged njalari rambut bodhol. Karana tetedhan ingkang ngandhut kathah lisah saged njalari kaluwihan lisah ing kulit sirah kita, menawi sampun mekaten rambut badhé bodhol lan ugi badhé wonten sindapipun. Sakluntunipun punika, piranti-piranti kanggé rambuta ugi saged njalari rambut bodhol, kados ta hayr dryer. Nalika nggaringaken rambut mawi hair dryer, pori-pori wontening kulit sirah kita badhé kabikak, lan bab menika ingkang njalari rambut gampil bodhol. Menapa malih, menawi saweg nggaringaken menika ugi nganggé suri ingkang rapet. Rambut ingkang kasringan dipuntalèni, ugi saged njalari rambut bodhol. Kénging menapa mekaten? Karana rambut ingkang dipuntalèni menika njalari kulit ing sirah kita kenceng lan stres, lan rambut menika mboten saged ambegan, bab menika ingkang njalari rambut badhé bodhol.

Rambut ugi saged bodhol karana obat-obatan lan ugi bahan kimia. Kathah obat-obatan ingkang njalari rambut bodhol, nanging sasampunipun rampung lan mandeg anggènipun nganggé obat-obatan menika, rambut mboten badhé bodhol malih. Cèt rambut ingkang kathah sanget ngandhut bahan kimia, ugi saged njalari rambut bodhol. Dados menawi kita asring ngecèt rambut kita, sampun kaget

menawi rambut kita badhé kathah ingkang bodhol. Karana bahan kimia ingkang wonten ing cèt rambut menika saged njalari rambut kita bodhol. Utawi nalika kita saweg ngombé jinising obat tartamtu lajeng rambut kita bodhol, nggih mbok menawi kemawon rambut kita bodhol awit karana obat menika. Kita ugi asring ningali, bilih tiyang ingkang rambutipun bodhol ngantos telas, karana obat kemoterapi.

Sedhèrèk kula, tiyang èstri ingkang saweg ngandhut, ugi saged njalari rambutipun bodhol. Wonten tiyang ingkang sabibaripun babaran rambutipun ngantos tipis karana bodhol. Sakwetawis sasi sakbibaripun babaran, kathah rambut ingkang bodhol, menika minangka bab ingkang limrah, mangké bodholipun rambut badhé mandeg piyambak. Bab-bab menika kalawau ingkang saged njalari rambut kita bodhol. Menawi rambut kita saweg bodhol, kita kedah sumerep rumiyin menapa ingkang njalari, salajengipun nembé pados cara kados pundi kanggé mrantasi. Karana menawi kita mboten sumerep ingkang njalari rambut kita bodhol, pramila kita mboten saged kanthi trep anggènipun mrantasi.

Menawi rambut kita bodhol karana nganggé hair dryer kanthi terus-terusan, pramila kita kedah ngribah pakulinan menika, nganggé hair dryer menawi dipunprelokaken kémawon. Menawi rambut bodhol karana kita kasringen ngecèt rambut, nggih saénipun kita kirangi anggènipun ngecèt rambut, menawi ing padatanipun sewulan kaping sepindah, kita kirangi mboten malih sewulan kaping sepindah. Menawi rambut kita bodhol karana kasringen dipuntalèni kanthi singset, pramila anggènipun nalèni kedah kita longgari, utawi pakulinan nalèni rambut kita ndegaken. Bilih babibaripun babaran lajeng rambut kita bodhol, mboten prelu kuwatos, karana bodholipun badhé mandeg piyambak. Menika kalawau caranipun mrantasi rambut ingkang bodhol. Dados kita kedah sumerep rumiyin menapa njalaranipun.

Salah satunggaling penata rambut ugi sanjang, bilih rambut ingkang bodhol saged ugi karana sampun wekdalipun rambut menika gantos kaliyan rambut ingkang énggal. Dados rambut menika bodhol, awit karana sampun wekdalipun. Nanging menawi bodholipun terus-terusan lan rambut kita sangsaya tipis, pramila kita kedah pados cara kanggé mrantasi. Kados pundi caranipun mrantasi rambut ingkang bodhol kanthi gampang lan alami.

Kula gadhah kalih seserepan kanggé mrantasi rambut bodhol. Inggang kaping sepindah mawi taneman lidah buaya. Mbok menawi bab menika sampun asring kita pirengaken, nanging dèrèng naté nyobi. Lidah Buaya menika ngandhut kathah vitamin lan mineral ingkang maèdahi kanggé mbiyantu nyuburaken rambut lan njagi supados kulit ing sirah tetep sèhat. Kanggé mrantasi rambut ingkang bodhol mawi taneman lidah buaya menika caranipun cekap gampang. Namung kedah nyepakaken sakwetawis ronipun lidah buaya lajeng dipunpendet yiyitipun ingkang wonten ing salebeting taneman lidah buaya menika. Lajeng dipundamel gantosipun sampo nalika kramas.

Kita ugi saged mrantasi rambut ingkang bodhol mawi pijetan ing sirah. Nalika mijet sirah kita saged nyigrakaken mubengipun rah. Langkung saé malih menawi mijetipun mawi lisah lavender, almon utawi wijen. Menawi panjenengan dèrèng saged mijet piyambak, saged nyuwun tulung dhateng kanca utawi sinten kémawon ingkang sampun gadhah pengalaman mijet supados asilipun saé.

Miri ugi saged dipunginakaken mrantasi rambut ingkang bodhol, karena lisah ingkang dipunkandhut kemiri saged ndadosaken rambut langkung ireng, sèhat, lan saged mrantasi prekawis rambut ingkang bodhol. Lisahipun kemiri ingkang dipunkandhut ndadosaken oyodipun rambut kita langkung kiyat, lan saged nyigrakaken rambut supados thukul wonten ing kulit sirah kita. Caranipun nggih punika, kemiri ingkang sampun dipunulek radé kasar, lajeng dipungorèng tanpa lisah, lajeng dipunulek malih ngantos lembut lan medal lisahipun. Sasampunipun menika lisah saking miri menika dipunusapaken ing rambut. Sasampunipun menika kedah kramas mawi shampo, supados rambut kita resik.

Kanggé mrantasi rambut ingkang bodhol, kita ugi saged ngginakaken woh alpukat. Woh alpukat saged dipunusapaken ing rambut, karena woh alpukat menika ngandhut kathah protein ingkang migunani kanggé ngiyataken oyodipun rambut. Caranipun cekap namung kaliyan ngalusaken woh alpukat lajeng dipunusapaken ing rambut lan kulit sirah kita. Dipunkèndelaken sawetawis wekdal, antawis 20 (kalih dasa) menit, lajeng kramas kaliyan shampo supados resik.

Sedhèrèk kula, menika kalawau sawetawis cara kanggé mrantasi rambut ingkang bodhol. Kita saged ngginakaken taneman lidah buaya, kemiri, woh alpukat, lan ugi saged kanthi mijet sirah kita. Kita saged milih salah satunggalipun. Mugi-mugi maèdahi.

Sedhèrèk kula, mugi-mugi seserepan kados pundi mrantasi ingkang bodhol menika saged nulung kita, lan pungkasanipun rambut kita saged normal malih malahan saged tambah gembel. Sakmenika wancinipun ibu Arin,STh badhé atur siraman rohani kanggé kita. Nanging sakdèrèngipun, mangga kita sesarengan miyarsakaken lagu pepujen ingkang sampun kula cawisaken. Mugi-mugi kita kalipur lan dipunberkati. Sugeng midangetaken.

Gusti Tansah Caket (Jabur 10:1, 22:1)

Sedhèrèk kula, nalika Prabu Dawud nandhang kèwedan, kapenet, kapèpèd lan katindes. Prabu Dawud rumaos, menawi Gusti menika nebih lan kesupèn dhateng piyambakipun. Wonten sawetawis pangandikanipun, Prabu Dawud nedahaken, bilih piyambakipun sampun katilaraken dening Gusti. Kula badhé maosaken menapa ingkang dipunpangandikakaken déning Prabu Dawud. Mekaten:

Dhuh Allah, kénging menapa Paduka jumeneng ing katebihan lan umpetan samasa kawula nandhang karibedan?

Dhuh Allah kawula, Allah kawula, menapaa kawula Paduka tégakaken? Kawula sesambat, nanging Paduka tetep tebih lan mboten mitulungi kawula.

Dhuh Allah kawula, ing wanci siang kawula sesambat, nanging Paduka mboten paring wangsulan; ing wanci dalu inggih mekaten, mila kawula inggih mboten angsal katentreman.

Sapindah malih mangga kita pidangetaken pangandikanipun déning Prabu Dawud. Prabu Dawud ngendikan mekaten :

Dhuh Allah, kénging menapa Paduka jumeneng ing katebihan lan umpetan samasa kawula nandhang karibedan?

Dhuh Allah kawula, Allah kawula, menapaa kawula Paduka tégakaken? Kawula sesambat, nanging Paduka tetep tebih lan mboten mitulungi kawula.

Dhuh Allah kawula, ing wanci siang kawula sesambat, nanging Paduka mboten paring wangsulan; ing wanci dalu inggih mekaten, mila kawula inggih mboten angsal katentreman.

Sedhèrèk kula, menapa kita ugi badhé wicanten kados mekaten nalika wonten ing kaanan ingkang èwed? Kita ugi rumaos, bilih Gusti nebih saking kita? Lan tembung-tembung kita menapa ugi sakrupi kados ingkang dipungendikakaken déning Prabu Dawud? Kita ugi asung pitakènan kénging punapa Gusti nebih saking kita? Kita ugi asung pitakènan kénging punapa Gusti nilaraken kita? kita ugi asung pitakènan kénging menapa Gusti mboten mitulungi kita?

Sedhèrèk kula, menawi kita asung pitakenan wonten pundi Gusti nalika panjenengan nandhang kèwedan ing gesang? Mbonten namung kita ingkang rumaos kados mekaten, wonten yutan tiyang ing donya menika ingkang ugi rumaos kados mekaten; ingkang asung pitakenan, kénging mnenapa Gusti nebih, kénging menapa Gusti nyupèkaken piyambakipun, lan kénging menapa Gusti mboten paring wangsulan tumrap pandonganipun, lan sanès-sanèsipun. Malahan kathah tiyang ingkang rumaos lan yakin saèstu, bilih Gusti sampun nilaraken piyambakipun, lajeng pedhot ing pengajeng-ajeng lan mungkasi gesangipun. Kathah tiyang èstri utawi ibu ingkang mungkasi gesang laré-larénipun lan dirinipun piyambak, karena rumaosipun dipuntilar déning sedaya kancanipun lan ugi dipuntilar déning Gusti. Kathah tiyang èstri ingkang rumaos, bilih Gusti mboten paring pitulungan.

Sedhèrèk kula, menapa ingkang kedah kita tindakaken menawi kita rumaos, bilih Gusti nebih saking kita, lan malahan rumaos bilih Gusti mbucal kita? Bab menika namung karumaosan kita piyambak, karena Gusti mboten nate nilar menapa malih mbucal kita. Menapa kémawon ingkang kita raosaken, ènget bilih Gusti mboten naté nilar kita. Dados, menawi kita rumaos, bilih Gusti sampun nebih lan mbucal kita, pramila kedah kita ngicali karumaosan menika, lajeng nyaket dhumateng Gusti. Menawi

kita rumaos, bilih Gusti mboten mirengaken lan mboten paring wangsulan tumrap pandonga kita, Kita kedah tetep ndedonga kanthi ajeg, lan tansah nyenyuwun dhumateng Gusti.

Sedhèrèk kula, menapa Prabu Dawud rumaos, bilih Gusti saèstu nebih lan mbucal piyambakipun sarta mboten paring wangsulan tumrap pandonganipun? Kasunyatanipun mboten, karana Gusti sampun paring wangsulan tumrap Pandonganipun Prabu Dawud. Pangandikanipun Prabu Dawud mekaten:

Ing samengko aku yakin yèn Allah mesthi paring kaunggulan marang wong kang wis ditetepaké kalenggahané. Allah paring wangsulan saka swarga, sarta paring kemenangan srana pangwasané.

Nalika aku nyenyuwun marang Allah, banjur diparingi wangsulan, lan kauwalaké saka sebarang sing gawé wediku.

Dhuh Allah, Juru Wilujeng kawula, andel-andelipun tiyang salumahing bumi. Élok lan nggegirisi anggèn Paduka njurungi panyuwun kawula, kalayan nandukaken keadilan.

Sedhèrèk kula, Prabu Dawud sampun mbuktèkaken bilih Gusti mboten nebih, Gusti mboten mbucal Prabu Dawud, Gusti sampun paring wangsulan tumrap pandonganipun. Ing pungkasanipun Prabu Dawud ngraosaken, bilih Gusti paring kamimpangan, Gusti nguwalaken Prabu Dawud saking menapa kémawon ingkang ndadosaken ajrih, lan Gusti sampun paring kaadilan. Prabu Dawud sampun mbuktèkaken, bilih Gusti mireng, Gusti preduli lan Gusti paring wangsulan tumrap panyuwun lan pandonga umatipun. Dados menawi kita rumaos, bilih Gusti sampun mbucal kita utawi Gusti nebih saking kita, pramila ingkang mboten angsal kita tindakaken, nggih menika nebih saking Gusti. Malahan kita kedah terus nyaketaken diri kita dhumateng Gusti. Kita kedah ndedonga kanthi ajeg lan nyenyuwun sarta kedah gadhah kepitadosan kanthi saèstu, bilih Gusti badhé paring wangsulan lan mitulungi kita.

Kita badhé sangsaya kita rumaos bilih Gusti mbucal kita, menawi kita nilaraken Gusti lan nebih saking Panjenenganipun. Inggang kados mekaten ingkang dipuntindakaken déning tiyang kathah. Mbok menawi kita minangka salah satunggaling tiyang ingkang ugi nindakaken mekaten, kita rumaos bilih Gusti sampun mbucal kita, lajeng kita nebih saking Gusti. Prabu Dawud ingkang pantes kita tuladhani, karana Prabu Dawud menika ugi manungsa ingkang limrah, lan ugi nandhang kathah sanget pambengan, lan kagungan momotan ingkang awrat wonten ing gesangipun. Nanging Prabu Dawud tansah setya dhumateng Gusti, mboten naté nebih lan nilaraken Gusti. Prabu Dawud tansah ngupados supados caket dhumateng Gusti, karana Prabu Dawud badhé rumaos ayem-tentrem menawi celak kaliyan Gusti; lan Prabu Dawud yakin saèstu, bilih Gusti ugi tansah celak kaliyan piyambakipun.

Sedhèrèk kula, menawi samangké kita rumaos bilih Gusti mbucal kita, lan rumaos bilih Gusti nebih saking kita. Pramila raos menika énggal-énggal kita bucal, lan yakin kanthi sakèstu bilih Gusti karsa

tansah celak kaliyan kita. Kita saged matur dhumateng Gusti, karena Gusti tansah mirengaken kita.

Nabi Musa ngendikan dhateng Yusak mekaten:

Allah piyambak bakal nuntun kowé lan ana ing sisihmu. Panjenengané ora bakal négakaké kowé lan ora bakal nilar kowé. Mulané aja wedi utawa nglokro atimu.

Pitadosa, Gusti tansah celak kaliyan kita, Panjenenganipun badhé tansah nganthi ngantos ing selaminipun gesang kita. Amin

Sumangga kita ndedonga :

Maturnuwun Gusti Yésus, karena Paduka tansah nganthi lan ngayomi kawula. Sumangga Paduka tansah wulang kawula, supados setya tuhu anggèn kawula ndèrèk Paduka, supados kawula tansah wonten ing celak Paduka. Mugi Paduka tebihaken kawula saking panggodhanipun Iblis, ingkang kepingin nebihaken kawula saking Paduka. Maturnuwun Gusti, karena Paduka tansah nresnani lan nganthi kawula. Amin.